УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№7 (13869)

2024 гъэ, мазаем (февралым) и 1, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

Блокадэр щыIуахыжа Махуэм

## Фэеплъ махуэм — Санкт-Петербург къалэм

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и пашэу ди хэгъуэгум и лIыкIуэ гуп щыIащ Ленинград къалэм блокадэр щыщхьэщахыжа Махуэр фэеплъ Iуэхухэмкiэ ягу къыздагъэкIыж Санкт-Петербург.



Гупым хэтащ Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, УФ-м ФедерацэмкIэ и Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт сенатор Къэзэнокъуэ Кърым, ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэм и къуэдзэ Ечзэч Мусэ, нэгъуэщIхэри.

Хабзэ зэрыхъуауэ, махуэщI дауэдапщэхэм хэтхэм удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ Пискаревскэ мемориальнэ кхъэм. Мы щыгъуэ зэхуэсым къэкIуащ УФ-м и Президент Путин Владимир, ФедерацэмкIэ Советым КъЧР-м къыбгъэдэкIыу хэт спикер Матвиенко Валентинэ, Урысей Федерацэм и хабзэкъэгъэщI, зыгъэзащIэ къулыкъухэм я лIыкIуэхэр, къэралым и хэгъуэгухэм къикIа хьэщIэхэр.

Санкт-Петербург и «Газпром Арена» стадионым щызэхэтащ Ленинград фашист блокадэм къызэрыIэщIагъэкIыжрэ илъэс 80 зэрырикъум ирагъэхъулIа концерт – реквиемыр. Къызэхуэсахэр из хъуащ трибунэхэмрэ партерхэмрэ, щIыпIэ щхьэхуэхэр яубыдащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм, блокадэр зышэча Ленинград и хъумакIуэхэмрэ абы щыпсэуахэмрэ, тылым щылэжьахэм. Сценэм къытехьащ УФ-м и Президент Путин Владимир.

— Дэ зэгуэрэми депцIыжынукъым ди адэхэм, адэшхуэхэм, абыхэм я адэжхэм я фэеплъымрэ абыхэм ТекIуэныгъэ Иным хуакIуа гъуэгу гугъумрэ. Дэ тщыщ дэтхэнэми Iыхьлы иIэщ фронтым щызэуауэ е тылым щылэжьауэ. Абыхэм я псэемыблэжыныгъэмрэ зэрыIыгъыныгъэмрэ, я Хэкур фэрыщIыгъэншэу фIыуэ зэралъагъум псэ быдагъэ къытхалъхьащ дэри, дяпэкIэ къытщIэхъуэну щIэблэхэми. ИкIи ахэр ди гущIэм щопсэу: Брест быдапIэм и лIыхъужьхэмрэ Москва бийм къезыгъэлахэмрэ, индыл гъунапкъэхэмрэ курск губгъуэхэмрэ зыхъумахэр, генералхэмрэ къызэрыкIуэ зауэлIхэмрэ, сэлэт анэхэмрэ тылым и лэжьакIуэхэмрэ, икIи, шэч хэмылъу, Нева тет къалэм щыпсэуа, бийм зыхуэзымыгъэщхъа цIыху гуейхэр. Нобэ зэрыУрысейуэ егъэлъапIэ фи лIыхъужьыгъэр, — и къэпсэлъэныгъэм къыхигъэщащ Урысей Федерацэм и Президентым.

Лъэпкъ пашэм и къэпсэлъэныгъэм иджыри зэ щыщIигъэбыдащ совет цIыхубэм и лIыхъужьыгъэр тщымыгъупщэным, ди тхыдэр тезытхыкIыжыну хуежьэхэм ар яхуэдмыдэным мыхьэнэ ин зэриIэр. Ар щыщщ къалэмрэ къэралымрэ зыхъума, хуит къэзыщIыжа, гъаблэмрэ щIыIэмрэ ихьа, къыздалъхуа щIыгум гъащIэр щытепщэн щхьэкIэ, и къэралымрэ абы и къэкIуэнумрэ папщIэ и кIэм нэс гъуэгу хьэлъэр зыкIуа дэтхэнэми и фэеплъым.

—Дигу илъ зэпытщ икIи зэгуэрэми зыщыдгъэгъупщэнукъым абыхэм я лIыгъэр, быдагъэмрэ Хэкум хуаIа щыпкъагъэмрэ.

Ленинград къалэ-лIыхъужьым и зауэлI хахуагъэм и Махуэр Хэку зауэшхуэм и гъэхэм щыIа, мыхьэнэшхуэ зиIэ къэхъугъэхэм ящыщ зым и фэеплъ къудейкъым, атIэ ди лъэпкъым и хущIэкъуныгъэ мыланджэм, ди цIыхухэм я псэ быдагъэмрэ ди Хэкум и лъэщагъымрэ я нагъыщэщ. Иремыужьых хэкIуэдахэм я фэеплъыр. ЩIыхь – ТекIуэныгъэр къэзылъэща зауэлIхэм! Ди Хэкум – Урысейм – щIыхь! – щитхащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид телеграмканалым щиIэ напэкIуэцIым.

Фэеплъ махуэм и щIыхькIэ Санкт-Петербург и Ростральнэ колоннэхэм щыхагъэнащ пхъакъуэхэр (факелхэр). МафIэхэр ягъэблащ шэджагъуэм и пэкIэ, иужькIэ – нэхъ пщыхьэщхьэхуэгъазэу. Петропавловск быдапIэм и Нарышкин бастионым и топыр ягъэуащ сыхьэтыр 12:00-м.

Санкт – Петербург щыпсэухэмрэ и хьэщIэхэмрэ щыIащ Капеллэ ПщIантIэм, иджы ар еянэрэ мэхъу зауэ техникэм, сэлэтхэм я пщэфIапIэмрэ я лэжьапIэмрэ я теплъэхэр къыздагъэлъагъуэ утыку.

Еплъащ а зэманым зекIуа хьэпшыпхэм, зрагъэлъэгъуащ сэлэт фащэр. Нэхъ иужьыIуэкIэ пщыхьэщхьэм Капеллэ блыным кIэридзэу къагъэлъэгъуащ 1942 гъэм траха «Ленинград в борьбе» дэфтэр фильмыр.

Къалэм щекIуэкIащ «Лента Ленинградской Победы», «Блокадный хлеб» хэкупсэ акцэхэр. Мы махуэм ехъулIэу къалэм и район зэхуэмыдэхэм я щIыпIи 100-р ягъэдэхащ махуэщI композицэхэмкIэ.

Махуэр иухащ хьэрэкIытIэхэмкIэ. Михайловскэ военнэ топауэ Академием и батареехэм топ 12-р 30-рэ ягъэуащ. Ахэр дэтхэнэри щагъэуэм, я цIэхэр ираIуащ Ленинград зыхъума лIыхъужьхэм, совет зауэ дзэзешэхэм, тылым и лэжьакIуэхэмрэ блокадэ къызращIэкIа къалэм щыпсэуахэмрэ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

СВО — псапащIэ

## ДэIэпыкъуныгъэр зэпыукъым

Къэрэшей-Черкесым щыщу СВО-м щыIэ ди щIалэхэм псапащIэ дэIэпыкъуныгъэр лъагъэIэсын лэжьыгъэр зэпыукъым.

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и пщэрылъкIэ, Карачаевск къалэ округым къыбгъэдэкIа къыкIэлъыкIуэ псапащIэ дэIэпыкъуныгъэр СВО-м хэт ди хэкуэгъуxэм хурагъэшащ.

Къызэхуахьэсахэм, ди къулыкъущIэхэр нэхъ зыхуэныкъуэхэм ящыщщ зыщатIагъэ къулыкъу фэилъхьэгъуэхэр, щыгъын хуабэхэр, пхъэзэпых, бел, хьэнцэ, киркэ — уадэ, хущхъуэхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ. Гуманитар хьэлъэм хэлъкъым къагъэсэбэпа щыгъын е хьэпшып. Псори щIэщ.

Абыхэм ящIыгъуу, сабий IыгъыпIэхэм, еджапIэхэм щыщ ныбжьыщIэхэм къабгъэдэкIа тхыгъэ гуапэхэр, хъуэхъухэр хуатхащ ди хэкуэгъу къулыкъущIэхэм.

ЗэрытщIэщи, СВО-р щыщIидза пIалъэм щегъэжьауэ, ди хэгъуэгум щыпсэухэр зэкъуэуващ а Iуэхум хэт ди къулыкъущIэхэм, Урысейм къыгухьэжа хэгъуэгущIэхэм зыщIагъэкъуэн мурадкIэ. ПсапащIэ Iуэхухэр ирагъэкIуэкI къулыкъущIэхэм я унагъуэхэм дэIэпыкъуэгъу яхуэхъун мурадкIэ къызэрагъэпэща Зыуэ щыт республикэ штабым и лэжьыгъэм ипкъ иту.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Социальнэ инфраструктурэ

## ПэщIэдзэ еджапIэм — гъащIэщIэ



Куэд щIауэ районым, къуажэм щыпсэухэр зыпэплъа дауэдапщэр, Адыгэ - Хьэблэ къуажэм дэт пэщIэдзэ еджапIэм и бжэр щIэрыщIэу къызэIухыжыныр егъэджакIуэхэмрэ еджакIуэ цIыкIухэмрэ я гуфIэгъуэшхуэм щIэту къызэрагъэпэщащ.

ПIалъэ кIэщIым кърикубыдэу абдеж щрагъэкIуэкIа зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр яухри, зэджэну щIыпIэкIэ мытыншхэр я «унэм» къекIуэлIэжащ.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм къеблэгъащ Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и депутат, лъэпкъ политикэмрэ хэгъуэгущIыб зэпыщIэныгъэхэмрэкIэ комитетым и тхьэмадэм и къуэдзэ, КъЧР-м и Адыгэ Хасэ лъэпкъ жылагъуэ зэщIэхъееныгъэм и тхьэмадэ Аслъэнхэ Алий, Парламентым и депутат Дзыуэ Заур, КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министрым и къуэдзэ Шаманов Щэмил, РИПКРО-м и ректор Гурин Александр, УФ-м просвещенэмкIэ Министерствэм и эксперт педагогическэ советым хэт Капалкинэ Светланэ, нэгъуэщIхэри.

ХьэщIэхэм фIэхъус псалъэкIэ захуигъэзащ Адыгэ-Хьэблэ район администрацэм и Iэтащхьэ IэнатIэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Астэжь Мыхъутар.

— Егъэджэныгъэм зегъэужьынымкIэ къэрал программэм лъэкIыныгъэ лъэщ къыдет ди еджапIэхэр зэманым декIуу зэтедгъэпсыхьэнымкIэ. НобэкIэ ди районым егъэджэныгъэ IуэхущIапIи 6 щызэдгъэзэхуэжагъэххэщ. Ар ехъулIэныгъэ къызэрымыкIуэщ.

→2

Соцконтракт

## Я уней Iуэхухэр

Социальнэ контрактым и фIыгъэкIэ 2023 гъэм Къэрэшей-Черкесым я уней хыхьэхэкI Iуэху щызэхаублащ ди хэгъуэгум щыпсэу цIыху 950-м нэблагъэм.

Уней IэмалкIэ лэжьыгъэхэр зэфIахыну, я унагъуэ хъызмэтхэр ягъэлэжьэну Къэрэшей-Черкесым щыпсэухэм нэгъабэ Iэпэ щIадзащ социальнэ контракт 949-м.

Хэгъуэгур зи хэщIапIэ лэжьакIуэхэм уней хыхьэхэкI IуэхукIэ Iэпэ щIадзащ социальнэ контракт 576-м, я унагъуэ хадэхэм зрагъэужьын, ахэр ягъэлэжьэн папщIэ — 373-м. Хэгъуэгум деж зи щхьэ Iуэху зезыхуэну хуейхэмкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ социальнэ контрактхэм Iэпэ щIэдзыным. 2023 гъэ къудейм «Мой бизнес» купсэм зыкъыхуагъэзащ цIыху 700-м нэблагъэм.

Купсэм деж «Малое и среднее предпринимательство» лъэпкъ проектым и къэухьхэм иту социальнэ контрактым Iэпэ щIэдзынымкIэ чэнджэщэгъу яхуэхъу къудейкъым, атIэ ядоIэпыкъу бизнес-план зэхалъхьэнымкIи.

Мы илъэс екIуэкIым компаниещIэхэр лъэ быдэкIэ увын папщIэ, къагъэщIащ хабзэщIэхэр. Иджы я уней Iуэху къызэIуахынымкIэ е унагъуэ хъызмэтым зегъэужьынымкIэ цIыхухэм социальнэ контрактым Iэпэ щIадзын щхьэкIэ, хэхауэ ягъэунэхунущ абыхэм я хыхьэхэкI лъэкIыныгъэхэр.

«Мой бизнес» купсэхэм я къэухьхэм иту, ирагъэфIэкIуэнущ бизнес-планхэр, проектхэм гъуэгу ирагъэгъуэтынущ, Iуэхум нэгъэсауэ хэзыщIыкIхэр хыхьэхэкIхэм ящIыгъунущ хьэрычэтыр щызэхаублэм щегъэжьауэ Iуэхум къыпэкIуэныгъэ белджылы игъуэтыху. КIэлъыплъынущ хыхьэхэкI цIыхухэм я Iуэхухэр илъэситIым и кIуэцIкIэ зэрызэкIэлъыкIуэм.

Мы махуэхэм Урысей Федерацэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдзэ Илюшниковэ Татьянэ, УФ-м экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и Министерствэм социальнэ IэнатIэмрэ мысату организацэхэм я секторымрэ загъэужьынымкIэ и Департаментым и унафэщI Сорокин Святослав сымэ Къэрэшей-Черкесым экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Езауэ Артуррэ республикэм «Мой бизнес» купсэм и унафэщI Хубиевэ Дианэрэ ящIыгъуу ирипсэлъащ социальнэ контрактхэр зыIэрыгъыхьэнымкIэ гъэпсыкIэщIэхэр къэгъэIэрыхуэным. Зыщагъэгъуэзащ «Мой бизнес» хэгъуэгу купсэр къагъэсэбэпурэ социальнэ контрактхэр зыIэрагъыхьэным хуэунэтIа хуэIухуэщIэхэр зэрызэфIахым.

2023 гъэм хэгъуэгум щыпсэухэм зэраухылIащ социальнэ контракт 1536-рэ: абы щыщу 576-р хуэунэтIащ уней хыхьэхэкI лэжьыгъэм, 373-р - унагъуэ хъызмэтхэм зегъэужьынымрэ ахэр гъэлэжьэнымрэ, 224-р – гъащIэ щытыкIэ гугъухэр къызэнэкIыным, 363–р — лэжьапIэ къэгъуэтыным.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

Лъэпкъ проект

## Зэгъэзэхуэжыныгъэхэр

«Жилье и городская среда» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэрэ, мы гъэм Къэрэшей-Черкес Республикэм щызэрагъэзэхуэжынущ жылагъуэ зэхуэсыпIэ щIыпIэ 13-рэ пщIантIэ 51-рэ.

Нэхъ тегъэчынауэ жыпIэмэ: Черкесск къалэм щызэрагъэзэхуэжынущ Красноармейскэ уэрамым хиубыдэ аллеер; Карачаевск къалэм — Ленин и цIэкIэ уэрамым тет аллеер; Усть-Жэгуэтэ — ТекIуэныгъэм и скверыр; Сары-Тюз — скверыр, Октябрьскэ жылагъуэм, Али-Бэрдыкъуэ къуажэм, Ипщэ Марэ, Учкекен, Зеленчук — жылагъуэ щIыпIэхэр.

2023 гъэм ирагъэжьа зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэми Медногорск, Эркен-Юрт, Апсуа къуажэхэм щыпащэнущ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, республикэм щыпсэухэм илъэс кIуам онлайн Iэ IэткIэ ягъэнэIуауэ щытащ зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэр зрагъэгъуэтыпхъэу нэхъ къыхах щIыпIэхэр. Мы гъэм апхуэдэ къабзэу онлайн Iэ Iэт екIуэкIынущ гъатхэпэм и 15-м щегъэжьауэ мэлыжьыхьым и 30-м нэгъунэ. ЦIыхухэм ягъэнэIуэнущ Тебэрды, Медногорск, Черкесск, Карачаевск, Усть-Жэгуэтэ щекIуэкIыну лэжьыгъэхэмрэ ахэр зращIылIэну щIыпIэхэмрэ.

«Къэрэшей-Черкесым куэд щыдощIэ цIыхухэр тыншу псэуным, я сабийхэр ирагъэджэным, япIыным хуэунэтIауэ. Илъэс къихьами апхуэдэ лэжьыгъэхэм пытщэнущ икIи апщыгъуэм цIыхубэм и чэнджэщым мыхьэнэшхуэ иIэщ. Аращ онлайн Iэ Iэтми и купщIэр», — телеграмканалым щитхащ КъЧР-м и Iэтащхьэм.

**Ди корр.**

Унагъуэм и Илъэс

**Унагъуэращ цIыхум и гупсысэр щызэфIэувэр. Аращ зэлъытари къэралым и зыужьыныгъэр. Жьэгу пащхьэм дэлъыпхъэ хабзэхэмрэ зэхущытыкIэхэмрэ хъумэныр, унагъуэшхуэхэм пщIэ яIэу къызэрекIуэкIар къэIэтыжыныр къалэн нэхъыщхьэу къилъытэри, ди къэралым и Президент Путин Владимир мы гъэр «Унагъуэм и Илъэсу» игъэуващ. Ар Москва къалэм и ВДНХ-м къыщызэрагъэпэща «Урысей» гъэлъэгъуэныгъэм хыхьэу екIуэкIа «Родные-любимые» Урысейпсо унагъуэ зэпеуэм ипкъ иту къызэIуахащ.**

# Хуабагъэрэ щабагъэрэ зыщIэлъ унагъуэ






Ди хэгъуэгум къыбгъэдэкIыу абы хэтащ, «Звук гор» макъамэ мастер-классри щагъэлъэгъуащ Чырбыжхэ Аликрэ Зулетэрэ я бынунагъуэшхуэм. Сабий куэд къыщыхъу унагъуэм щытепщэщ зым адрейм зыщIигъэкъуэныр, нэхъыщIэм хуэсакъыныр, гу хьэлэлагъ зэхуаIэныр, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр. Мы хабзэ екIухэр ядыболъагъу мы унагъуэ дахэм. Зэщхьэгъусэхэм хъыджэбзищрэ щIалитIрэ - Ася, Аслъэн, Борис, Белэ, Аидэ сымэ зэдапIащ, унагъуэ хьэлэмэт хъужахэу мэпсэу. Зулетэ къызыхэкIари, зыхыхьари макъамэр фIыуэ зылъагъу унагъуэхэщ. Ар пшынауэ Iэзэщ, шыкIэпшынэ, Iэпэпшынэ лъэпкъ Iэмэпсымэхэр, дамбрэ, гитарэ, пианино, нэгъуэщI макъамэ Iэмэпсымэхэр егъэIэрыхуэ. КъинэмыщIауэ, уэрэд тхынри къохъулIэ. Къуажэм гимн яхуэхъуа «Си Беслъэней» уэрэдыр аращ зи Iэдакъэ къыщIэкIар. И анэм и лъэужьым ирикIуащ ипхъу Белэ. Макъамэ IэмэпсымэхэмкIэ ахэр зэхъуэжурэ ВДНХ-м хьэлэмэту зыкъыщагъэлъэгъуащ. Аидэ бэрэбаным хуэIэкIуэлъакIуэщ. Ася фортепиано фIыуэ йоуэ, ауэ дэн-бзэным нэхъ зритащ. Зэкъуэшхэу Аслъэнрэ Борисрэ – диджейщ.

ГукъэкIыж гуапэхэм иджыри къимыутIыпща унагъуэ зэчиифIэм Черкесск къалэм дэт, «Тэмэм» хьэщIэщым дащыхуэзащ икIи зыхэта дауэдапщэр къазэрыщыхъуамкIэ, зэрызыхащIамкIэ журналистхэм къыддэгуэшащ.

Алик жиIащ Iэмэпсымэ гуэрым емыуэфми, и унагъуэм сытри зэрадищтэр, сыт хуэдэ я къыхэлъхьэныгъэри зэрадиIыгъыр, и быным зэрыригушхуэр.

— Унагъуэр — ар зэIузэпэщыныгъэщ, щIэгъэкъуэнщ, гъэсэныгъэщ, хабзэщ, нэхъ лъапIэ дыдэу щыIэр аращ. Унагъуэр зэтезыIыгъэр абы илъ зэгурыIуэныгъэмрэ лъагъуныгъэмрэщ. Ди къэралым и Президент Путин Владимир мы гъэр «Унагъуэм и Илъэсу» зэригъэувам мыхьэнэшхуэ иIэщ. ЖыпIэнурамэ, бынунагъуэшхуэм я закъуэкъым унагъуэкIэ зэджэр. Зы сабий нэхъ зэрымыс унагъуэри унагъуэщ. Дэтхэнэри гулъытэ хуэныкъуэщ. Хэти хущIокъу и сабийр фIым, гуапагъэм зэрыхуигъэсэным. Пэжщ, адэанэр зыхуей псори быным игу иримыхьынкIи мэхъу, ауэ анэр быным зэрыбгъэдыхьэм, зэрыпыкъуэкI щIыкIэм куэд елъытащ. УзыхущIэкъу гъэсэныгъэмрэ зэчиймрэ сабийм хэплъхьэфмэ, уи псэр мэтынш, мэгуфIэ. Адэанэм, адэшхуэ-анэшхуэм цIыкIухэм халъхьэ гъэсэныгъэм, абыхэм унагъуэм щалъагъу зэхущытыкIэм куэд елъытащ. Езыхэми унагъуэ ящIэмэ, аращ я бынхэмрэ нэхъыжьхэмрэ зэрахущытынур. «Гущэм хэлъ щIыкIэ сабийм и гъэсэныгъэм иужь уихьэн хуейщ» жаIэ. Ди адэ-анэм аращ дызэрагъэсар. Ди нэхъыжьхэм къабгъэдэсха гъэсэныгъэращ быным ябгъэдэслъхьар. Дэ къыддалъэгъуа зэхущытыкIэщ нобэ я унагъуэхэм ярылъыр. Пэжщ, унагъуэ къэс езым и пэжагъэрэ и хабзэрэ илъыжщ. Ауэ быныр сыт щыгъуи фIым, гуапагъэм хуэбгъэсэн хуейщ, — Зулетэ и къэпсэлъэныгъэр къыщIидзащ унагъуэм и мыхьэнэм, быныфI зэрыбгъэсэн хуейм ятеухуа псалъэмакъымкIэ.

Унэгуащэм къыхигъэщащ и хъуэпсапIэр къызэрехъулIар, и бынитхури зэрыгъэсар, нэхъыжьым, гъунэгъум, Iыхьлым пщIэ хуащIу ахэр зэрыпсэур. Урысейпсо зэпеуэм зэрыкIуа хъуамкIэ, зыкъызэрагъэлъэгъуам, гукъинэ ящыхъуахэмкIэ ипхъухэу Белэрэ Аидэрэ къытепсэлъыхьмэ нэхъыфIу къилъытэри, анэм абыхэм захуигъэзащ.

Хъыджэбзхэм я къэпсэлъэныгъэр къыщIадзащ апхуэдэ дзыхь къахуэзыщIа республикэм и унафэщIхэм фIыщIэ хуащIкIэрэ. ЖаIащ апхуэдэ гулъытэр зыпэмыплъа Iуэхуу къазэрылъыкъуэкIар.

— Форумым дыкIуэныр зэрымыщIэкIэ къыдэхъулIа насыпщ. Дызэресауэ, щхьэж и лэжьыгъэ дыпэрыту дылажьэт. Апхуэдэу, нэгъабэ дыгъэгъазэм и кIэм хъыбар къыдагъэщIащ ВДНХ-м щекIуэкIыну унагъуэхэм я Урысейпсо зэпеуэм зыкъыщыдгъэлъэгъуэну ди щIыналъэм къыбгъэдэкIыу дызэрагъакIуэмкIэ. Пэжыр жыпIэмэ, унагъуэ къэс я зэфIэкIрэ я ехъулIэныгъэрэ яIэщ. Ауэ, зэрыхъуар арати, ди хэгъуэгум къыбгъэдэкIыу зэпеуэм ягъэкIуа унагъуэхэм дэри дахэхуащ. Кхъухьлъатэм дыщисми, къыдэхъулIа гуфIэгъуэм ди гур къызэщIиIэтэт. IуэрыIуэтэжу зэхэпхыр зыщ, уи нэм илъагъур нэгъуэщIщ зэрыжаIэщи, абдеж щытлъэгъуа теплъэгъуэхэр псалъэкIэ къыпхуэIуэтэжынукъым. Апхуэдэ лъэкIыныгъэ къыдэзыта ди унафэщIхэм фIыщIэ яхудощI. Псом хуэмыдэу, къыхэдгъэщыну дыхуейщ абы дызэрыкIуэнури, дыздэпсэунури, ди Iэмэпсымэхэр зэрытшэнури, псори хьэлэмэту, зэкIэлъыкIуэу къызэрызэрагъэпэщар. ЗыкIи гугъу дехьакъым.

Къалэн нэхъыщхьэу къытхуагъэувар — ди хэгъуэгум щыпсэу лъэпкъхэр дызэгурыIуэу, зы унагъуэм хуэдэу дызэрызэхэсыр утыку къитхьэнрати, зэрыдигугъэмкIэ, ар къыдэхъулIащ. ЦIыхухэм я Iэгуауэ иным щIэту драгъэблэгъащ, дыкъагъэувыIэурэ упщIэхэр къыдатт, яфIэгъэщIэгъуэну ди Iэмэпсымэхэр зэпаплъыхьт, ахэр къызыхэщIыкIам, макъамэр къызэриIукI щIыкIэм зыщагъэгъуазэт. Ди концерт программэри хьэлэмэту екIуэкIащ. Лъэпкъхэм къадекIуэкI хабзэхэр, Iэмэпсымэхэр утыку къитхьащ. Нэхъыжьхэми щIалэгъуалэми ягур къэтхьэхун папщIэ, зэманым тегъэпсыхьауэ макъамэр зыгъэIу, ди дэлъху Аслъэн и аппаратурэм ди лъэпкъ Iэмэпсымэхэр хыхьэжри, абыи цIыхухэр хуабжьу къызэщIиIэтащ. Хэгъуэгу къэс я программэ гъэщIэгъуэн, я тхыдэ яIэжти, мастер-классхэр ятащ. Дэри ди концерт программэр цIыхухэм ягу зэрырихьынум, гукъинэж зэращыхъунум дыпылъащ. Къэдгъэлъэгъуа концерт программэмкIэ къызэхуэсахэм ядгъэлъэгъуащ ди республикэм щыпсэу лъэпкъхэр, абыхэм я макъамэ Iэмэпсымэхэр, я къафэхэр, я уэрэдхэр, къащI джэгухэр. Дэ здэтщтат «шыкIэпшынэ» адыгэ Iэмэпсымэжьыр. Ари яфIэгъэщIэгъуэну зрагъэлъэгъуащ. Пшынэр дгъэбзэрэбзэнымрэ бэрэбаным деуэнымрэ къинэмыщIауэ, ди республикэм лъэпкъ куэд зэрыщыпсэур зэрадгъэлъагъуным дыпылъащ. СыхьэтитIкIэ екIуэкIа программэм макъамэ Iэмэпсымэ макъ нэхъ мыIуамэ, къызэхуэсахэм гъэщIэгъуэн ящыхъунутэкъым. Ар дахэ, екIу ящIащ ди гъусэу нэкIуа, Черкесск къалэм дэт къэрал филармонием и къэфакIуэ гупым. Ди пшынауэ, бэрэбэнауэ макъым щIэту, абыхэм къафэ зэхуэмыдэхэр къащIащ. Абыхэм лъэпкъхэм я къафэ дахэхэр ягъэлъэгъуащ. Ди зыкъэгъэлъэгъуэныгъэр щIалэгъуалэми яфIэгъэщIэгъуэн хъун папщIэ, макъамэхэр мы зэманым тегъэпсыхьауэ дгъэIуащ. АбыкIэ дгъэлъэгъуащ ди хэгъуэгур ипIэ зэримытыр, ипэкIэ зэрыкIуатэр, зэрызиужьыр, ехъулIэныгъэфIхэр зэриIэр.

Программэм и кIэм джэгу зэхэтшэри, ди къэфакIуэ гупым программэм еплъыну къекIуэлIахэр къытрашэурэ къагъэфащ. Абыи цIыхухэм я гукъыдэжыр нэхъри къиIэтащ. Ди жагъуэ хъур павильонхэр псори зэдгъэлъагъуну дызэрыхущIэмыхьаращ, — жаIащ Белэрэ Аидэрэ.

Украинэм щекIуэкI зауэ операцэ хэхам хэт я щIалэ Борис зыгъэпсэхугъуэ махуэ кърatауэ техуати, и гупсысэхэмкIэ къыддэгуэшащ.

— Ди унагъуэр Москва зэрагъакIуэм теухуа хъыбарыр СВО-м сыщыIэу зэхэсхащ. Си анэр творческэ цIыхущ. Ар зыпэрыхьа Iуэхур гъэтIысауэ икIэм нимыгъэсу увыIэнукъым. Си шыпхъухэри аращ зэригъэсар. СцIыхут абыхэм лъэкI къызэрамыгъэнэнури, сайхъуэхъуащ я мурадхэр къадэхъуну, хэгъуэгум къыхуащIа дзыхьыр ягъэщыпкъэжыну. ИкIи, тхьэ игъэпсэухэ, хьэлэмэту зыкъагъэлъэгъуащ, сурэткIэ, видеокIэ слъагъужахэщ, — жиIащ Борис.

Хэгъуэгур дрогушхуэ мыпхуэдэ жьэгу быдэхэм. Чырбыжхэ яхузэфIэкIащ я унагъуэм щIэлъ гу хуабагъэр, щабагъэр, нэхъыжьым пщIэ хуэщIыныр къагъэлъэгъуэну. Абыхэм ялъэкIащ я ехъулIэныгъэхэри, Къэрэшей-Черкесым щыпсэу лъэпкъхэм я цIыхубэ хабзэхэри кууу къатIэщIын.

**ЕЗАУЭ Маринэ**

# «Иджыри илъэси 100 иугъащIэ!»



«Черкес хэку» газетым и лIыщIыгъуэ ныбжьым хуэкIуэу, икъукIэ ди гуапэ зэрыхъущи, цIыху куэд къыдопсалъэ, я гукъэкIыжхэмкIэ къыддогуашэ. Ахэр, и нэхъыбэу, газетым сыт щыгъуи и щIэджыкIакIуэ, и ныбжьэгъу щыпкъэхэщ, зэман зэхуэмыдэхэм щылэжьащ, ноби зэпыщIэныгъэ быдэ газетым къыдэзыIыгъщ, лъэпкъ Iуэхум, лъэпкъыбзэм, абыхэм я нобэмрэ я къэкIуэнумрэ хуэмыгунэф, хуэмыгущIыIэщ.

Апхуэдэ зыщ ди нэхъыжьыфI, езыри илъэс 92-рэ хъукIэрэ, газетым и лIыщIыгъуэ ныбжьым ехьэрхуэрэфыну, акъыл жан, псэлъэгъу гъэщIэгъуэныщэ, Черкесск къалэдэс Джэтауэ Iэмин.

Ар «Черкес хэку»-м сыт щыгъуи и щIэджыкIакIуэ пэжу щытым къыщымынэу, илъэс зэхуэмыдэхэми щылэжьащ, иджыри и тхыгъэхэмкIэ дегъэгуфIэ зэпыт. Куэд зылъэгъуа, къулыкъу зэхуэмыдэхэм пэрыта, жылагъуэм пщIэрэщIыхьрэ щызиIэ ди нэхъыжьыфIым, Къэрэшей-Черкес Республикэм щIыхь зиIэ и журналистым и псалъэ къэс зэпэшэчащ, гупсысэ куу кIуэцIылъщи, куэдми уи акъылыр хуеунэтI.

Джэтауэ Iэмин газетым щылэжьащ. ИпэкIи, иужькIи, ноби газетыр къыщыщIимытхыкIа зэи къыхуихуакъым, газетым итым, япэ напэкIуэцIым щегъэжьауэ иужьрейм щыщIэкIыжу, щIимыджыкIыу, игу нэхъ ирихьам, зыгъэпIейтеям темыпсэлъыхьыжуи хъуакъым.

— Илъэс 18 сыхъуа-сымыхъуат газетым сыщылэжьэну сыщыIухьам. Редактор нэхъыщхьэр Аргун Абдулыхь и къуэ Iэубэчырт. Жэуаплыгъэ зыхь секретару лэжьа Мамхэгъ Жыхьэбэн напэкIуэцIитI хъу тхыгъэ зэздзэкIыну къызитащ си япэ лэжьэгъуэ махуэм. Адыгэбзэр схуэгъэшэрыуэ дыдэу щыттэкъыми, ар газетым кIуэну тхыгъэпкъым изгъэувэнир сэркIэ хьэлъэт.

Махуэ еным селIэлIами, хэзгъэщIаишхуэ щыIэкъым, — и япэ лъэбакъуэхэр игу къегъэкIыж Iэмин. — Уэхъутэхэ Абдулыхь, Анзор сымэ, сэ жэуэ зы лэжьапIэ пэшым дызэдыщIэсти, абыхэм хабзэ, лэжьэкIэ и лъэныкъуэкIэ щапхъэфI куэд къатесхащ. НэгъуэщI лъэныкъуэкIэ, ахэр зэрытхэр щыслъагъукIэ, си щхьэ сытеукIытыхьыжт, махуэ къэс «нобэ иужьрейщ, пщэдей сыкъэкIуэнукъым» жысIэу лэжьапIэм сыкъыщIэкIыжт. Хьэкъыр зыт — утхэным, тхыгъэ къэбгъэщIыным папщIэ щIэныгъэ ббгъэдэлъын хуейщ.

Апхуэдэу и зэфIэкIхэр нобэ игъэщIыкIу щхьэкIэ, Джэтауэ Iэмин нокIуэкIэ редакцэм къащтатэкъым. Газетым къыхуэтхэ зэпытт. Абы нэмыщIу, щIалэщIэр и жыджэрагъкIэ къуажэдэс щIалэгъуалэм фIыуэ къахэщт, хыхьэхэкI иIэт, цIыхум фIыуэ яхэзагъэу, бзэ къадигъуэтыфу апхуэдэт.

— Тхэным тегушхуэныгъи пабгъэныгъи хуиIэн хуейщ. СынасыпыфIэ дыдэу зыкъэслъытэжт редакцэм къыбгъэдэкIыу командировкэ сагъэкIуэну япэу дзыхь къыщысхуащIам. ИужькIэ абы нэгъуэщI куэд къыкIэлъыкIуащ. Къулыкъу, IуэхущIапIэ куэдым сагъакIуэт, цIыху зэхуэмыдэхэм сайпсалъэт. АтIэ, апщыгъуэм узытетхыхьынур куэдт, заводышхуэхэр, хьызмэтхэр лажьэт, цIыхухэр нэхъ хьэрэмыгъэншэт, ягухэр нэхъ зэIухат. Иджы лажьэхэр гугъу фохь лэжьапIэхэр, заводхэр зэрыщымыIэжым къыхэкIыу. Куэдрэ согъэщIагъуэ фызытетхыхьын дауэрэ къэвгъуэтрэ, дэнэ къифхрэ жызори, — къыддогуашэ Iэмин.

ИлъэсиплIкIэ къулыкъу ищIэхункIи щIалэм и гур тхэным бгъэдэкIакъым, къулыкъу нэужьми пищэжащ хьэщыкъ зыхуэхъуа Iуэхум. Иджы ар штатым хэмыт журналистти, лэжьыгъэншэ хъутэкъым.

— ФIы дыдэу соцIыхуж, апщыгъуэм редактор нэхъыщхьэу тета Аслъэныкъуэ Пщырымбий сыздэлажьэм накIуэу редакцэм сызэрыригъэблэгъэжар. Аргуэру илъэситI сыщылэжьащ. Ауэ зэманхэр ерутэкъэ апщыгъуэм! Си адэм диныр зэрызэрихьэр, зэрыефэндыр къыспаубыд хъуащ, уеблэмэ ткIийуэ къысхуагъэуващ: «Алыхьыр щымыIэу, диныр хьэрэму тхыгъэ тхыи, уи адэри абы зэрителъхьэмкIэ щыхьэт тхуэщI», — жари. Абы семыувалIэу, икIэщIыпIэкIэ редакцэм сыIукIыжри, а махуэ дыдэм трестым лэжьапIэ къыщызгъуэтащ, — игу къегъэкIыж ди псэлъэгъум.

Ауэ абы къикIкъым Джэтауэм тхэн щигъэтауэ е газетым губгъэн хуищIу IэщIыб ищIауэ. АдэкIи тхыгъэхэр газетым къригъэхьурэ къекIуэкIащ. Ахэр теухуат езым фIы дыдэу илъагъу мэкъумэшым, къуажэ гъащIэм, къуажэдэсхэм.

— КадркIэ зэхуримыкъуми, газетым щылажьэхэр хуабжьу пщIэшхуэ зиIэ, зэчий зыбгъэдэлъхэт, Хэку зауэшхуэм хэтауэ куэд щылажьэт. Абыхэм щапхъэ ятумыхынур уи щхьэм зэран епхыжыным ебгъапщэ хъунут. ИкIи сыткIи дазэрыдэплъеиным дыпылът.

Тхьэм игъэпсэу газетым и псыпэм щытахэр, и лъэр зыгъэувахэр. Абыхэм ирагъэжьа Iуэху угъурлым пызыщахэми, нобэ лажьэ гупми жылагъуэ фIыщIэ фхуэфащэщ. Ауэ сытми жысIэкъым ар. АтIэ, цIыхум сахохьэ, жаIэр зэхызох. Газетым икъукIэ зэрызихъуэжар, зэрефIэкIуар къыхагъэщ зэпыт. Зихъуэжащ и теплъэкIи, и купщIэкIи. Абы къикIыр зыщ — газетым щылажьэ гупыр зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыхукI, жэуаплыгъэ лъагэ зыбгъэдэлъщ. Фигу, фи псэ етауэ фолажьэ, фэ къывэлъытауэ фымыщIэу зыри къанэкъым. Къанэр лъэпкъым ищIэн хуейращ — газетыр къызэрыщIамытхыкIращ жыхуэсIэр.

Жагъуэ зэрыхъущи, икIи емыкIушхуэу къызолъытэ ар, газетым и тиражыр мини 3-м нэскъым. Лъэпкъышхуэм аркъудейщ газету къыщIитхыкIыр! Мис мы Iуэхур хуабжьу гу зылъытапхъэ, зэлэжьыпхъэ, зэгъэзэхуапхъэу къызолъытэ. Апщыгъуэми, зэрыжысIащи, фэ фхуэщIэр фощIэ. А тираж мащIэри фэращ зи фIыщIэр, фи жыджэрагъщ, фи хэлъэтщ, фи хьэтырщ...

ЦIыхухэм езыр-езыру къагурыIуэу, газетыр къыщIатхыкIын хуейт. Арыншэу хъунукъым, лъэпкъым и бзэкIэ зы газет закъуэ къыдэкIмэ, абы властым и арэзыныгъэ щыхэлъкIэ, и нэIэ къыщытригъэткIэ, дэ апхуэдэ лъэкIыныгъэм делъэпэуэныр щыуагъэшхуэщ. Девгъэгупсыс абы псори, абыкIэ къыхузоджэ адыгэхэр.

Тхьэр арэзы къыфхухъу лъэпкъыбзэр къэзыIэту, зымыгъэбгъунлъэу нобэ лажьэхэм! «Уэзкъуэтмэ-улъэщщ!» щхьэщIэдзапIэу «Черкес хэку»-р къызэрыщIидзэр фгъэщыпкъэжу, редактор нэхъыщхьэр — Абидокъуэ Люсанэ — зи пашэ гуп хъарзынэр гуащIафIэу фызэдолажьэ.

Псалъэм и къарур къызэрымыкIуэу инщ. Ар къывгурыIуэу, журналист нэхъусам зэрихабзэу, фи тхыгъэ къызэрымыкIуэхэр къывогъэщI.

Сывохъуэхъу гуащIэдэкI ехъулIэныгъэщIэхэмкIэ, фи гуащIэр зыхэзыщIэн щIэджыкIакIуэхэмкIэ, абыхэм я бжыгъэр гъэ къэси нэхъыбэ хъуну!

Иджыри лIыщIыгъуэ куэд иугъащIэ ди лъэпкъ газетым! — игу ихауэ хъуэхъу гуапэхэр къытхуегъэфащэ ди лэжьэгъу нэхъыжьыфIым.

**ТУАРШЫ Ирэ**

1↰

# ПэщIэдзэ еджапIэм — гъащIэщIэ

Адэ-анэхэми, районым, къуажэм щыпсэухэми къабгъэдэкIыу фIыщIэ яхуэсщIыну сыхуейщ республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид, Правительствэм хэтхэм, Министерствэхэм я лэжьакIуэхэм. Мы зэманым дгъуэт лъэкIыныгъэм хуэдэ, дэ зэи диIакъым.

Нобэ фолъагъу а зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэшхуэхэм ящыщ зым и кIэухыр. УхуакIуэхэр жэщ-махуэ ямыIэу лэжьащ. Зы сантиметр къагъэнакъым щIэуэ зэрамыхъуэкIыу. Илъэс кIуам и гъатхэпэ (март) мазэм щIадзэри зэман кIэщIкIэ зэнагъэсыфащ. КъинэмыщIауэ, классу хъуар зэманым декIу хьэпшыпхэмрэ оборудованэкIэ зэтегъэпсыхьа хъуащ. Къуажэм и пэщIэдзэ еджапIэр сыт и лъэныкъуэкIи хуэгъэпсащ егъэджэныгъэм и фIагъыр нэхъри хэгъэхъуэным. ИкIи си фIэщ мэхъу апхуэдэ дыдэу зэрыщытынури, — къыхигъэщащ Астэжь Мыхъутар.

КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министрым къыбгъэдэкIыу Шаманов Щэмил егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, цIыкIухэм яхъуэхъуащ.

— Си гуапэщ нобэ мыпхуэдэ еджапIэ нэхум, хуитым дызэрыщIэтыр. Ар лэжьыгъэшхуэ зыпыщIа Iуэхуу къызэранэкIащ. Къуажэдэсхэри, район администрацэри, егъэджэныгъэмкIэ къудамэм и лэжьакIуэхэри мы Iуэхум гуащIафIэу фыхэтащ. Щхьэхуэу тхьэгъэпсэу яжесIэну сыхуейщ ухуакIуэхэм.

ТIуащIэу согуфIэ нобэ ди пащхьэ ит цIыкIухэм я нэжэгужагъыр щыслъагъукIэ. Ди егъэджакIуэхэм сохъуэхъу нобэрей гуфIэгъуэмкIэ, мыухыж фIыщIи яхузощI, — жиIащ Шамановым.

МащIэу тхыдэмкIэ дгъэзэжынщи, а еджапIэр яухуауэ щытащ лIыщIыгъуэ ныкъуэкIэ узэIэбэкIыжмэ. ИкIи куэд щIат ар зэгъэзэхуэжын зэрыхуейрэ. ИкIи, зэрыщыгуфIыкIыну, Урысейм и Президент Путин Владимир и унафэкIэ зэхагъэува «Модернизация школьных систем образования» программэм и фIыгъэкIэ, еджапIэм и теплъэми и купщIэми зихъуэжащ. Ар иджы зэманым сыткIи дэкIуатэ, оборудованэфIхэмкIэ узэда, пэщIэдзэ классхэм щеджэ сабий 300-м фIагъ хэлъу щIэныгъэ ягъэгъуэтыным тегъэпсыхьа IуэхущIапIэщ.

Зэгъэзэхуэжыныгъэ лэжьыгъэхэм къадэкIуэу еджапIэм и унэлъащIэ



Зэрыщытар



Зэрыхъужар



хьэпшыпхэри, технологие, цифрэ оборудованэри щIэуэ щIагъэуващ, шхапIэри, спорт пэшри зыхуэныкъуэу хъуамкIэ къызэрагъэпэщащ. ЩIэуэ къыхуащэхуащ цIыкIухэр зэрырагъаджэ тхылъхэмрэ пособэхэмрэ.

Шэч хэлъкъым апхуэдиз фIагъ хэлъу къызэрагъэпэщыжа еджапIэ цIыкIум къуажэдэс псори зэрыщыгуфIыкIам. Ауэ, псом нэхърэ нэхъ гуфIауэ жыпIэ хъунущ абы щылажьэ егъэджакIуэхэр. ЕджапIэм и унафэщI Выкхъэ Лилэ и лэжьэгъу псоми къа-бгъэдэкIыу фIыщIэ яхуищIащ мы лэжьыгъэшхуэм зи гуащIэ хэзылъ-хьа дэтхэнэми, псэкIэ къадэгуззэвауэ хъуам. Абы игу къигъэкIыжащ я пэ-щIэдзэ еджапIэм къикIуа гъуэгуанэр.

— 1991 гъэм, жэпуэгъуэм (октябрым) и 15-м Адыгэ-Хьэблэ къуажэм дэт курыт еджапIэм дыкъыхэкIри мы IуэхущIапIэм дыкъэIэпхъуэжауэ щытащ, цIыкIухэр абы щIэмыхуэж зэрыхъуам къыхэкIыу. Ди хьэпшыпхэр зэщIэтIкъуэри, лъэсу къэдгъэкуэшауэ жыпIэ хъунущ. ТракторкIи къэтшэжа гуэрхэри щыIэщ. ЗэрыжаIауэ, пIалъэкIэ мы унэм дыкъагъакIуэу арат. Ауэ, зэрыфлъагъущи дыкъыщIэнэжащ. Иджы илъэс 32-рэ хъуауэ, щхьэхуэу, Адыгэ-Хьэблэм пэщIэдзэ еджапIэу дыщытщ.

Мыбдеж щIэс куэдым фоцIыхуж еджапIэм и щытыкIэу щытар. Зы ухуэныгъэр жьы дыдэщ, 1964 гъэм яухуат. ИужькIэ 1975 гъэм мы дызыщIэс пэшышхуэр къыгуащIыхьауэ щытащ. Ди къару къызэрихькIэ ар къабзэлъабзэу зетхьащ, зэгъэзэхуэжыныгъэхэри щедгъэкIуэкIыу. Ауэ, адэкIэ дыпэлъэщыжынутэкъым, ди насып къихьри программэм дыхэхуащ.

Илъэс кIуар гугъуу щытами, гъэщIэгъуэну едгъэкIуэкIащ. Япэ щIыкIэ сабий IыгъыпIэм дащтэри, абдеж дыщеджащ. Иужьым, бжьыхьэм, щэнхабзэмкIэ Унэм дыIэпхъуэжащ, курыт еджапIэри дэри. Иджы мис ди хъуэпсапIэр нэрылъагъу хъуащ — дыкъекIуэлIэжащ ди унэм, — жиIащ Выкхъэ Лилэ.

Адэ-анэхэм къабгъэдэкIыу къэпсэлъащ Iэзэ Ларисэ. Абы фIыщIэшхуэ яхуищIащ зэгъэзэхуэжыныгъэ Iуэхум хэта дэтхэнэми. Сабийхэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэну еджапIэм къызэрыкIуэр къыхигъэщащ. ЕгъэджакIуэхэри псэумыблэжу я Iуэхум зэрыпэрытымкIэ тхьэгъэпсэу яхужиIащ.

ЕджапIэм и гъэсэн цIыкIухэмрэ егъэджакIуэхэмрэ егугъуу зыхуагъэхьэзырауэ я гуфIэгъуэ махуэщIыр гъэлъэпIэным. Нэхуу, дахэу гъэпса хъуа пэшышхуэм еджакIуэ цIыкIухэм уэрэд щыжаIащ, къыщыфащ.

Адыгэ-Хьэблэ «школ цIыкIум» къаруущIэ къыхалъхьэжащи, адэкIи яхуэугъурлыну Тхьэм жиIэ!

**БОРЭНЫКЪУЭ Мадинэ**

# ЛIыщIыгъуэ зи ныбжь

Адыгэ макъ Голос адыга

Адыгэ Республикэм къыщыдэкI «Адыгэ макъ» газетыр дунейм къытехьэн зэрыщIидзэрэ илъэси 100 зэрырикъуар 2023 гъэм ягъэлъэпIащ. Абы теухуауэ ирагъэкIуэкIа гуфIэгъуэ зэхыхьэхэм я кIэух зэIущIэт дыгъэгъазэм и иужьрей махуэхэм къызэрагъэпэщар.

КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я гъуазджэмкIэ къэрал музейм и къудамэу Мейкъуапэ къалэм дэтым щекIуэкIащ пшыхь дахэр. Къэрал IуэхущIапIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лIыкIуэхэр, щIэджыкIакIуэхэр, творческэ гупхэр щызэхуэса Iуэхур къызэригъэпэщащ икIи иригъэкIуэкIащ «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ, УФ-м щIыхь зиIэ и журналист Тау Замирэ. Адыгэ Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат редакцэм къыхуригъэхьа фIэхъус тхылъым псом япэу къеджащ Замирэ.

«Адыгэ макъым» цIыху зэчиифIэ куэд щолажьэ. Газетыр лъэпкъ щIэныгъэм, адыгэ щэнхабзэм увыпIэшхуэ щызыубыд къыдэкIыгъуэу сыт щыгъуи щытащ, иджыри апхуэдэу къокIуэкI. Абы лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ жыпIэмэ, ущыуэнукъым. ДяпэкIи, и гуащIэм хэмыщIу, нэхъри зиужь зэпыту екIуэкIыну си гуапэщ», — щыжеIэ КъумпIылым и хъуэхъум.

Абы и псалъэхэр диIыгъыу къэпсэлъащ АР-м лъэпкъ IуэхухэмкIэ, хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъухэм запыщIэнымрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ и комитетым и тхьэмадэ Щхьэлахъуэ Асчэр. ЛIыщIыгъуэ псо зи ныбжь газетым и хъыбар кIэщIу къэпIуэтэфын хуэдэу зэрыщымытыр, нобэ щылажьэхэми, нэхъапэм Iуэху щызыщIахэми фIыщIэ ин зэрахуищIыр къыхэщу къэпсэлъащ Щхьэлахъуэр. Абы къыхигъэщащ «Адыгэ макъым» и етIуанэ лIыщIыгъуэм зыужьыныгъэрэ ехъулIэныгъэу куэд къехъулIэну зэригуапэр, апхуэдэуи комитетым къыбгъэдэкI фIыщIэ тхылъхэр яритащ ХъутIыжь Нусетэ, Ацумыжь Хьэлым, Ныбэ Анзор, Ансыкъуэ Иринэ сымэ.

ТхылъымпIэм тедзауэ къыдэкIа газетым нэмыщIу, махуэ къэс интернетым адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, тыркубзэкIи хъыбарыщIэхэр кърелъхьэ «Адыгэ макъым». Здынэса ныбжьым къэруущIэ къыхилъхьауэ, зэманым декIуу мэлажьэ.

— «Адыгэ макъыр» адыгэ макъ зыщIыр мыбы щылажьэхэм я закъуэкъым. Абы и щыIэныгъэр зи фIыщIэр нобэ ди зэIущIэм кърихьэлIахэрщ, республикэм щыпсэухэрщ, Iэ щIэзыдзхэрщ. Дэ ди лэжьыгъэр цIыхухэрщ зыхуэгъэзар. Абы къыхэкIыу, зэманым и ужь зыкъидгъанэркъым, щIэуэ къежьэ псори ди щIэджыкIакIуэхэм къахуэсэбэпын хуэдэу ди Iуэхум зэрыхэтпщэным иужь дитщ, — жиIащ «Адыгэ макъ» газетым и редактор нэхъыщхьэ МэшлIокъуэ Саидэ.

ВидеозэпыщIэныгъэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу къызэхуэсахэм хъуэхъу псалъэкIэ зыхуагъэзащ КъБР-м и журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Жыласэ Заурбэч, КъЧР-м щытрадзэ «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ Абидокъуэ Люсанэ, Абхъаз Республикэм и лъэпкъ газет «Апсны»-м и редактор нэхъыщхьэ Анкваб Ахрэ сымэ.

Илъэсым икIэм, махуэшхуэр къыщыблагъэм, «Адыгэ макъым» зэпеуэ иригъэкIуэкIауэ щытащ, «Хэт и псей нэхъ дахэ» жиIэу. ИлъэсыщIэ жыгхэр зыгъэувахэм редакцэм сурэт кърагъэхьри, нэхъ дахэу къалъытар къыхахащ. ТекIуэныгъэ къэзыхьа Делэкъуэ Динарэрэ Шагъундокъуэ Даринэрэ кърагъэблэгъащ зэхыхьэм. Абыхэм тыгъэ хуащIащ бзылъхугъэ IэпэIэсэ Бэджокъуэ Бэлэ и IэрыкI адыгэ ныпыр.

Редакцэр зи ужь итыр газетыр тедзэн къудейкъым. АтIэ, жылагъуэ гъащIэми жыджэру хэтщ. АР-м щылажьэ Адыгэ Хасэм и гъусэу блэкIа илъэсым хьэщIэщ зэIущIэхэр зэхашащ, апхуэдэуи жану долажьэ АР-м и бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм. Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ ЛIымыщэкъуэ Рэмэзанрэ бзылъхугъэхэм я зэгухьэныгъэм и гуащэ Вэрокъуэ Хьэлимэтрэ гуапэу ехъуэхъуащ лъэпкъ газетым и редакцэм.

Апхуэдэу гуапэу «Адыгэ макъым» къыхуэкIуат Адыгей телевиденэм и лэжьакIуэхэри. Газетым и цIэр зытет футболкэхэр зыщыгъ журналистхэр чэзууэ къеджащ абы и махуэшхуэм теухуауэ Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и журналист ТIэш Светланэ итха усэм. КъыжыIапхъэщ Адыгэ телерадиокомпанэмрэ «Адыгэ макъымрэ» быдэу зэрызэпыщIар, зэрызэдэлажьэр. Редакцэм щылажьэхэм я Iуэху телевиденэм щыдагъэкIыу, тележурналистхэми тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр редакцэм къыхуахьу апхуэдэщ. Уеблэмэ я лэжьакIуэхэмкIэ щызэхъуажэр куэдрэщ.

Пшыхьым кърихьэлIат республикэ гимназием и егъэджакIуэхэри. Абыхэм нэрылъагъу къащIащ «Адыгэ макъым» зэреджэр. Газетым пщэрылъу зыхуигъэувыжхэм ящыщщ дяпэкIэ абы щылэжьэнухэр къыхэхыныр, гъэхьэзырыныр. Мис абы и лъэныкъуэкIэ журналистхэр еджапIэхэм япыщIащ. Республикэм и районхэм зэIущIэхэр щрегъэкIуэкI, «Адыгэ макъым» Iуэху щызыщIэхэр ныбжьыщIэхэм йопсалъэ. АдыгэбзэмкIэ тхэ къахэкIмэ, я гуапэу дэлэжьэнущ, дэIэпыкъунущ, трагъэгушхуэнущ икIи еджапIэм зэрыщIэсым хуэдэу яхуэтхэ зэрыхъунур гурагъаIуэ.

Пшыхьыр ягъэдэхащ «Ошад», «Синдикэ» къэфакIуэ гупхэм, Хъуран Азэ, Нэгъуей Заур сымэ уэрэд жаIащ. Хъуран Iэзэ «Адыгэ макъым» и дамыгъэр дыщэ IуданэкIэ щыхэдыкIа илъэсыщIэ бырыбыр редакцэм тыгъэ хуищIащ.

КъуэкIыпIэм щыпсэу лъэпкъхэм я гъуазджэмкIэ къэрал музейм и къудамэу Мейкъуапэ дэтым и унафэщI ЩауэпцIэкъуэ Iэминат «Адыгэ макъыр» илъэсищэ зэрырикъуам теухуа зэхуэсхэр дахэу къызэрызэщIакъуэжар жиIащ икIи лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэ ин зиIэ газетыр лъэ быдэ тету етIуанэ лIыщIыгъуэм зэрыхыхьэр къыхигъэщащ.

Газетым щылажьэ пщащэхэм Бэджокъуэ Бэлэ ида фащэхэр ящыгъыу утыкум къихьэри, пшыхьыр удж дахэкIэ зэхуащIыжащ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ,**
**"Адыгэ псалъэ",**
**Налшык къалэ**











Фэеплъ махуэм хуэгъэзауэ

# Ленинград хуит къызэращIыжрэ...

«ЩыIэщ апхуэдэ IэщIагъэ — Хэкур хъумэн»

**«ЩыIэщ апхуэдэ IэщIагъэ — Хэкур хъумэн» щхьэщIэдзапIэм щIэту, Ленинград къалэм блокадэр трахыжу хуит къызэращIыжрэ мы гъэм илъэс 80 зэрырикъуам теухуауэ, зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэм тещIыхьа мазэ лэжьыгъэм ипкъ иту дауэдапщэ щрагъэкIуэкIащ Черкесск къалэм дэт еханэ курыт еджапIэм.**

Iуэхум къыхашащ къалащхьэм и курыт еджапIэхэм щIэсхэр, Черкесск къалэм и ветеранхэм я Советым и тхьэмадэм и къуэдзэ Апсэ Роберт, адэ-анэхэр, журналистхэр.

ЕджапIэм и унафэщI Клименко Галинэ япэу псалъэ щратым къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ лъырэ нэпсрэкIэ тхыдэм хэтха зауэ напэкIуэцI хьэлъэхэр.

— Зэгуэрми кърэмыхъуж апхуэдэ зауэ. Махуэ 872-кIэ къэтIысыхьауэ щыта ищхъэрэ къалащхьэм щыпсэухэм я фэм дэкIам, абы щыщхэм гъаблэрэ щIыIэу яшэчам къытримыгъэзэжкIэ. Гъэ къэс хуэдэуи, зыхъумэжыныгъэ, зауэ-хэкупсэ гъэсэныгъэмкIэ щIалэгъуалэм мазэ лэжьыгъэ дыдогъэкIуэкI, дигу къыдогъэкIыж зауэм и гуащIэгъуэ махуэхэр, ди цIыхухэм къагъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэр, абыхэм я Хэкур, жьэгур хъумэным я щхьэр зэрыхуагъэтIылъар, дроплъэж зэманым гъуэжь ищIа тхыдэ напэкIуэцIхэм.

Ленинград и къекIуэкIыкIам ущегупсыскIэ, уи гум зимыхузу къанэкъым. Ар блокадэм къишыжыным совет зауэлIхэм я къарурэ гъащIэу халъхьам, Урысейм и дежкIэ мыхьэнэшхуэ зэриIэр нэгъэсауэ зыхыдощIэ, — жиIащ еджапIэм и унафэщIым.

А зэманым, къалэр бийм къыIэщIахыжу къызэтрагъэнэн папщIэ, ажалым пэщIэуващ цIыху мелуанитIым нэблагъэ ленинграддэсхэр. КъикIуэтынуи, затынуи, бэлэрыгъынуи Iэмал зэрамыIэр фIыуэ къагурыIуэт, ауэ зэрыхуа щытыкIэр дапхуэдэу гугъуу щымытами, ябг щIакъузэ, зэкъуэувэри, ТекIуэныгъэр къалъэщащ!

ЕджапIэм и унафэщIым цIыкIухэр тхыдэм щигъэгъуазэкIэрэ къахутепсэлъыхьащ Санкт-Петербург къалэм и Невскэ проспектыр нэхъ зэхэуэ гуащIэхэр здыщекIуэкIа уэрамхэм языхэзу зэрыщытым. ЖиIащ къалэр блокадэм къызэрырашыжрэ илъэс 80 зэрыткIыжауи, а зауэжьым ижь къызыщIихуахэм ятеухуауэ гукъутэ хъыбархэр ноби къызэрагъуэтыжыр.

— Зауэ-хэкупсагъэ гъэсэныгъэр зи купщIэ дауэдапщэхэр республикэ къалащхьэм щIедгъэкIуэкIым и мыхьэнэр зыщ: ди сабийхэр къэдгъэтэджын хуейщ зыщыщ Хэкумрэ къызыхэкIа лъэпкъымрэ фIылъагъуныгъэ хуаIэу. Дыхуейщ дяпэ ита ди нэхъыжьыфIхэм, ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я пщIэр яIэту ахэр псэуну, — щIигъужащ Клименко Галинэ.

Ленинград къалэм блокадэр зэрытрахыжам теухуауэ еджакIуэхэм сурэт зэхуэмыдэхэр ящIри утыку кърахьащ. Къеджащ урыс классикхэм зауэм хуэгъэзауэ ятха усэхэм, театр гъэлъэгъуэныгъэхэри ягъэхьэзыращ.

**ЛЫХЬ Тимур**










Къытхуатх

# А сабийхэр зыпIахэм — щIыхь!



Сэ Хьэбэз районым хыхьэ, нэхъ дахэ, нэхъ уардэ, цIыху зэчиифIэхэмкIэ къулей Али-Бэрдыкъуэ (Хьэгъундыкъуей) къуажэм сыкъыщыхъуащ.

Си сабиигъуэр а жылагъуэм щесхьэкIащ, гукъэкIыж дахэхэри къысхуэнащ. Сэ ХьэкIырэхэ я лъэпкъым сащыщщ. Ди унэр джабэм тетт. Сытым хуэдэу щIыпIэ дахащэт ди псэупIэр: Бэчбий цIыкIу и лъабжьэ дыдэм дыщIэст.

Зэи сигу ихукъым дыгъэр къыщыкъуэкIкIэ, япэу и бзийхэр зытридзэр а бгымрэ абдеж иIэ, бгы гъуанэжькIэ зэджэмрэт. Апщыгъуэм дыгъэм жиIэ хуэдэт: «Фыкъэуш, губгъуэ бжэн цIыкIухэр, бзухэм я уэрэд жьгъырухэмкIэ къуажэр къызэщIэвгъэушэ...»

Сигу икIкъым Бэчбиибг къыщыщIэж псынэпс къабзащэр. Ноби си тхьэкIумэм итщ мывэ цIыкIухэм къащхьэпрыж псынэпс цIыкIум и Iущащэ макъыр. А щIыпIэ дахэм сыкIуэну, псынэпс цIыкIум и Iуфэм сыIусыну, зыщызгъэщIыIэтэну сыт щыгъуи сфIэфIт.

Ди джабэ уардэхэр-щэ?! Уэшх нэужьым ди джабащхьэм сыт хуэдэу удзымэ IэфI къыщыпщIихьэрэт, губгъуэ мэракIуэхэр куэду къыщытщыпт...

Си адэ тхьэмыщкIэр дунейм щехыжым (и ахърэтыр нэху тхьэм ищI), си анэш къуажэм — Беслъэней унагъуэкIэ дыкъэкуэшыжауэ щытащ. Абдеж курыт еджапIэм сыщеджащ. Си щIалэгъуэр Беслъэней къуажэращ здыщесхьэкIар. Ауэ, си адэжь щIыналъэр — Хьэгъундыкъуейр сигу зы махуи ихуакъым. Жылагъуэм теухуауэ, абы щыпсэу цIыхухэм яхьэлIауэ фIы гуэр зэхэсхмэ, сащогуфIыкI, абыхэм я ехъулIэныгъэхэм сропагэ.

МыдэкIэ дыкъыздэкIуэжа къуажэми узэрыгушхуэ хъуныр щыкуэдщ. Псом я щхьэжщ Хэку зауэшхуэм щыгъуэ блокадэм ита Ленинград къалэм къраша сабийхэр беслъэнейдэсхэм зэрапIар. Мы тхыгъэри стхыным щхьэусыгъуэ хуэхъуар аращ.

Мы гъэм блокадэр зэрыпхатхъррэ илъэс 80 ирикъуащ. Си анэ Аишэт курыт еджапIэм щылажьэти, бэлыхь куэд зыгъэва журт, урыс сабий цIыкIухэм я хъыбар зэхэсх зэпытт. Ди нанэ Шурэ абыхэм ятеухуауэ куэд къыджиIэжт. Апхуэдэ зы гукъэкIыжщ мыр: «Гъэмахуэт. Си гуащэр сымаджэт, унэм и закъуэ къыщIэбнэ хъутэкъым. Абы папщIэ, си гуащэр ди гъунэгъухэм къахуэзгъанэурэ губгъуэм лэжьапIэ сыкIуэт. Ди щхьэгъусэхэр зауэм Iутт. Зы махуэ гуэрым, шууэ щIалэ цIыкIу губгъуэм ныдэжащ. «Къулейсыз дыдэу хуэпауэ, гум ису сабий къом ди къуажэм къэшащ» жери, гуоууэ къытхэлъэдащ. Ди фIанэхэр хыфIэддзэри, жэрыжэм тету, къуажэм дыкъыдэлъэдэжащ. Апщыгъуэм дэ дызыIуплъар гум имыхужын тхьэмыщкIагъуэт. Сабийхэм куэд щIауэ ерыскъы зэраIумыхуар плъагъут я Iэпкълъэпкъ псыгъуэ цIыкIухэмкIэ. Уи нэпс къемыкIуу, абыхэм я нэгу уиплъэфтэкъым, шхынын-шэмрэ гугъуехьымрэ апхуэдизымкIэ ахэр къулейсыз ищIати. Щхьэж и унагъуэ ерыскъыуэ илъыр къызэхуэтхьэсри, абыхэм яттащ. Сабийхэр адэкIэ гъуэгу тебгъэхьэмэ къызэремылынур къызыгурыIуа къуажэдэс нэхъыжьыфIхэм унафэ ящIри, цIыкIухэр унагъуэхэм зэбграшащ, адрейхэр я гъуэгу техьэжащ. Дэри псынщIэу губгъуэм дихьэжащ. АтIэ, нэмыцэхэм абыхэм я лъэужь къахут. А хьэIуцыдзхэр къуажэм къыдыхьэмэ, абыхэм кърахужьа журтхэр ди жылагъуэм дэтауэ, сабий тхьэмыщкIэхэр унагъуэхэм щагъэпщкIуауэ гу лъатэ хъунутэкъым. Абы папщIэ, зыри щымыIам хуэдэу, щхьэж и Iуэху илэжьу ежьэжащ. ИкIи, дызэрыгугъауэ, нэмыцэхэр жылэм къыдэзэрыгуащ. Сабийхэм ялъыхъуэу унагъуэрыхьэу къызэхакIухьащ. АрщхьэкIэ, тхьэмыщкIэ цIыкIухэр зэзышэлIахэми къуажэдэсхэми ахэр къыщIагъэщакъым. Мис апхуэдэ лIыхъужьыгъэ зэрахьащ беслъэнейдэсхэм. Журт сабийхэм адыгэ унагъуэцIэхэр иратри, бийм IэщIамыгъыхьэу, япIащ», — жиIэжт нанэ...

Срогушхуэ, уеблэмэ зэрыадыгэу ироин си анэш беслъэнейдэсхэм зэрахьа лIыгъэ, лIыхъужьыгъэ къызэрымыкIуэм. Телъыджэ сщыхъур къуажэ псом а щэхур зэрихъумэфаращ! Ар адыгэ щэнкъэ! Ар адыгэ хабзэкъэ! Апхуэдэ зыщIыпIи къыщыхъуауэ си фIэщ хъукъым...

**IЭБЫДЭ (ХЬЭКIЫРЭ) Альбинэ**

Егъэджэныгъэ



# Япэ студент бал

Татьянэ и Махуэм, нэгъуэщIу зэрыжаIэщи — Урысей студенчествэм и Махуэм и саулыкъукIэ, Къэрэшей-Черкесым щрагъэкIуэкIащ XIX лIыщIыгъуэм щыIа щыIэкIэ-псэукIэм тещIыхьа япэ хэгъуэгу студент бал.

Мы дауэдапщэмкIэ зэхуашэсащ ди республикэм и дэнэ къуапи щыщ студенти 126-рэ, икIи дэтхэнэми щызу лъэкIыныгъэ иратащ 2024 гъэм и япэ зэхэублэу щыт студент балым щагъэIуа уэрэдхэмрэ къыщащIа вальсымрэкIэ зыщагъэнщIыну.

ЖыпIэну-рамэ, Пушкин Александр и лъэхъэнэм уихьыжу, зыми емыщхь махуэщI екIу къызэгъэпэща хъуащ.

Дауэдапщэм хэтащ КъЧР-м егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмрэкIэ и министр Кравченко Иннэ, Черкесск къалэм и мэрым и къуэдзэ Йенсен-Данильчук Еленэ, «Навигаторы Детства» проектым и хэгъуэгу координатор Борлаковэ Людмилэ, студентхэр.

«Студент лъапIэхэ! Сывэхъуэхъуну сыхуейщ фи еджапIэхэм фыщехъулIэну, мураду зыхуэвгъэувыжар зэвгъэхъулIэн папщIэ, къару хэкIыпIэ мыкIуэщIрэ фIэщхъуныгъэрэ фиIэну! Феджэ, фыхъуапсэ, жылагъуэм щыпэрыт IэщIагъэхэр къэвгъэIэрыхуэ, сыт щыгъуи фыпылъ щIэ гуэр къызэрывгъэщIыным, студент гъащIэм гухэхъуэ къызэрыхэфхыным!

Ищхьэ еджапIэхэмрэ колледжхэмрэ щывгъакIуэ илъэсхэр щрет къэхъугъэ гъэщIэгъуэнхэмкIэ гъэнщIауэ, а псори лъабжьэ быдэ фхурехъу фызыхуеджэ IэщIагъэм куэдрэ фрилэжьэным», — яхъуэхъуащ студентхэм Кравченко Иннэ.

**ЛЫХЬ Тимур**

Спорт

# Ухуэныгъэхэм хохъуэ

2024 гъэм Къэрэшей-Черкесым хыхьэ щIыпIэхэм ФОК-ми, уэрам спорт зыгъэсапIэми ухуэныгъэипщI къыдэувэнущ.

КъинэмыщIауэ, и ухуэныгъэхэр зэлъэщIагъыхьэнущ Карачаевск къалэм щыдащIыхь мылылъэ утыкум, Тебэрды щыдащIыхьыну спорткомплексым.

Апхуэдэ хъыбарыфIхэм республикэм щыпсэухэр щигъэгъуэзащ Къэрэшей-Черкесым и лIыщхьэ Темрезов Рэшид и телеграмм-каналым деж.

«Иджырей зэманым тегъэпсыхьа ФОК цIыкIу Курджиново жылагъуэм къыдэувэнущ. Абы хуэныкъуапэщ жылагъуэдэсхэри, а районым хыхьэ къуажэхэм щыпсэухэри. А спорт утыку тыншым, сыткIи къызэгъэпэщам шынагъуэншэу зыщагъэсэфынущ спортыр, физкультурэр зыфIэфI, зи Iэпэгъухэм, зи узыншагъэр зыхъумэхэм.

Метр зэбгъузэнатIэ 930-рэ хъу спорт IуэхущIапIэщIэр ухуэнымкIэ лъэкIыныгъэ диIэ зэрыхъуар зи фIыщIэр «Спорт — норма жизни» федеральнэ проектымрэ «Демографие» лъэпкъ проектымрэщ, Урысейм и Президентым и пщэрылъкIэ зэхагъэува программэхэм я фIыгъэкIэщ.

ФОК-м и япэ къатым спорт бэнэкIэ, джэгукIэ зэмылIэужьыгъуэхэм ятегъэпсыхьа универсальнэ пэш хэтынущ. ЕтIуанэ къатым — тренажер пэш, зытIэщIыпIэ, зыгъэпскIыпIэ, административнэ пэшхэр хэтынущ, — щитхащ Темрезов Рэшид социальнэ зэпыщIэныгъэхэм щиIэ напэкIуэцIым.

Хэгъуэгум и лIыщхьэм зэрыжиIамкIэ, «Урысейм и Президентым хэгъуэгухэм къытхуигъэув къалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ спорт инфраструктурэм жыджэру зедгъэужьыныр».

«Иужьрей илъэс закъуэр къэтщтэнщи, Къэрэшей-Черкесым щызэлъэщIагъэхьащ спорт IуэхущIапIэ 12-м я ухуэныгъэхэр. 2019 гъэм щегъэжьауэ, «Спорт — норма жизни» федеральнэ проектым ипкъ иту хэгъуэгум спорт IуэхущIапIэ 70 къыдэуващ. Абыхэм ящыщщ ФОКыщIэу — 8, дгъэщIэрэщIэжа стадиони 2, спорт IуэхущIапIэ 60, щытыкIэ зэхуэмыдэхэмкIэ узэда утыкухэр, джэгупIэхэр, ГТО-м хуэгъэпсахэр, футбол джэгупIэхэр», — къыхигъэщащ Темрезов Рэшид.

# Пашагъэр зыIэрызыгъыхьахэр

Къэрэшей - Черкес Республикэм хыхьэ Красный Восток къуажэм боксымкIэ пашагъэр къэхьыным хуэгъэзауэ жылагъуэм и саугъэтым здыщIэбэна спорт зэхьэзэхуэ щIышылэм (январым) и 28-м екIуэкIащ.

Абдеж текIуэныгъэкIэ къыхэщащ, зэпеуэм и призёр хъуащ Хьэбэз къуажэм щыщ гъэсакIуэхэу КIытIэ Мухьэмэдрэ Дэмэлей Беслъэнрэ я нэIэм щIэт боксер ныбжьыщIэхэр.

Япэ увыпIэкIэ къыхэжаныкIащ Сидакъ Азэмэт, Дзэмыхь Алдемыр, Дэхъу Азэмэт, Арэшыкъуэ Айдэмыр сымэ.

ЕтIуанэ увыпIэр къалъэщащ КIытIэ Дамир, Хьэмыкъуэ Руслан, Арэшыкъуэ Арслан, Пхъэш Дамир сымэ.

**ЩОХЪУЖЬ Л.**



Хьэкълыкъ къулыкъум

# ЗыкъевмыгъэгъапцIэ!

Ди Iуэхухэр ирызетхуэнымкIэ, зызэпытщIэнымкIэ жып телефон къулейхэр сэбэп къызэрытхуэхъум и гугъу дымыщIми хъуну къыщIэкIынщ, хэти ецIыху ар. Ауэ хамэ мылъкум хуэнэгуейхэм телефоным и къулеягъымрэ и лъэкIыныгъэхэмрэ я щхьэ хьэлэмэтхэм, хьэгъэщагъэкIэ хамэ мылъкур зыIэрагъыхьэным къыщыхуагъэсэбэпыр гъунэжщ. Абыхэм гу лъыдмытэнкIэ Iэмал иIэкъым икIи абы и лъэныкъуэкIэ чэнджэщэгъу къытхуохъу республикэ хьэкълыкъ къулыкъу Управленэри.

Нэхъыщхьэу зытетыпхъэ хабзэр: **фи мынэIуасэ цIыхухэм телефонкIэ зэхуэтхэ, зэпсалъэ зэпыщIэныгъэр ядэвмыщтэ!**

ТелефонкIэ бзаджагъэ зезыхьэхэм хьэгъэщагъэ куэд къагупсыс. Иужьрейуэ кърагъэжьар: Урысей ФНС-м и «цIэкIэ» хьэкълыкъытым хъыбарегъащIэ нэпцIхэр хурагъэхь, гурыщхъуэ уэзыгъэщI транзакцэ къыдагъуэтауэ, абы ехьэлIауэ щIэплъыкIыныгъэ драгъэкIуэкIын хуейуэ, зыщIэупщIэхэр (псалъэм папщIэ, кассэ дэфтэрхэр, счет-фактурэхэр, накладнойхэр, акт зэхуэмыдэхэр, н.къ) къажриIэн хуейуэ хуагъэуври. Апхуэдэ Iуэхухэр зэдрагъэкIуэкIын папщIэ мопхуэдэ-мыпхуэдэ инспекторым бгъэдыхьэн хуейуи жраIэ. Армырамэ — хьэкълыкъытым и ахъшалъэ-счетхэр хузэхуащIыну, бгъэдамыгъэхьэну жраIэри, ткIийуэ хущIагъэбыдэж. Апхуэдэ тхыгъэ-письмом и Pdf-скан-м мыхъурри, реквизитхэри тетщ, инспектор нэпцIым и телефони, и электроннэ зэпыщIэныгъэхэри щIыгъужщ.

Республикэм и хьэкълыкъ къулыкъу Управленэм тегъэчынауэ къет: апхуэдэ хъыбарегъащIи, хьэкълыкъыр онлайнкIэ къатын хуейуэ зэрыт тхыгъэхэми я Iуэху зэрыхэмылъыр, ар зэрамыIуэхущIафэр. Абы къыхэкIыу, хьэкълыкъытхэм зыхуагъазэ гурыщхъуэ уэзыгъэщIыну щыт, мынэIуасэ цIыхухэм къабгъэдэкIа тхыгъэхэр къызэIудмыхыну, ссылкэхэм дыхэмыхьэну! Хьэкълыкъым, абы и тыкIэм теухуауэ цIыхур зыхуэныкъуэну хъыбар псори щигъуэтынущ и «Личный кабинет»-м. ПощткIэ ягъакIуэр автоматическэ хъыбарегъащIэхэращ. Абыхэм бжыгъи, цIэи, махуи — зыри иткъым. Итыр хьэкълыкъытыр и личнэ кабинетым ихьэу гу зылъитапхъэ, ищIапхъэращ.

Нэхъри тегъэчынауэ зызыщывгъэгъуэзэн щыIэмэ, зыхуэвгъазэ инспекцэм, къэвгъэсэбэп **(https://clck.ru/38Lfd9).**

КъинэмыщIауэ, ЛК ФЛ-м зыхуэвгъазэ хъунущ: **(https://clck.ru/33KuoF)**, ЛК ИП **(https://clck.ru/32joLM).** Фи дэIэпыкъуэгъу хъуфынущ «Обратиться в ФНС России» сервисыр: **(https://clck.ru/fGbhT).**

БзаджащIэхэм фарихьэлIагъэххэу, леягъэ къывагъэхъылIагъэххэу щытмэ, икIэщIыпIэкIэ захуэвгъазэ хабзэхъумэ къулыкъухэм.

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

Черкес хэку
www.cherkes-haky.ru
Cherkes-Haku@yandex.ru
@CHERKESHAKU
Ди телеграм-каналыр
Редакцэм и хэщIапIэмрэ газетыр здагъэхьэзырымрэ:
369000, КъЧР,Черкесск къалэ, КировкIэ зэджэ утыку, № 23, Печатым и Унэ, е 3-нэ къат.

Редактор нэхъыщхьэ: АБИДОКЪУЭ Люсанэ Алий ипхъу
Редколлегием хэтхэр: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ДЗЭМЫХЬ Маринэ, жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ, отделхэм я редактору: ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ, ТУАРШЫ Ирэ, ЧЫРБЫЖ Иринэ, ЛЫХЬ Тимур.
Редакцэ советым хэтхэр: Къантемыр Тыркубий, Къэзэнокъуэ Хьэсэмбий, Аслъэнхэ Алий, Хъупсырокъуэ Алий, Къуршэ Фаинэ

Газетыр 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 9-м Урысей Федерацэм зэпыщIэныгъэ лъэныкъуэхэм, хъыбарегъащIэ технологиехэм, цIыхубэ коммуникацэхэм кIэлъыплъыныкIэ и Федеральнэ къулыкъум и Управленэу КъЧР-м щыIэм щыщIатхащ. ЗэрыщIатха тхылъыр ПИ № ТУ 09-00028Р-кIэ къыщIедзэ.

ФщIэн папщIэ:
Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, щапхъэхэм, къыщыIэта Iуэхугъуэхэм, цIэ-унагъуэцIэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь.
Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.
Редакцэм тхыгъэу къыIэрыхьэр къанэ щымыIэу тридзэну, Iэрытхри абы теухуа жэуапри къэзытхам иритыжыну пщэрылъ зыхуищIыжкъым.
Р — мы нагъыщэм къегъэлъагъуэ ар зытетыр рекламэ тхыгъэу зэрыщытыр

Газетыр щытрадзащ ООО "Издательство "Южный регион", Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5 а.
Индексыр 54044-щ. КъыдэкI бжыгъэр 2838-щ. Зак.
Газетыр тедзэн хуейщ: графиккIэ — сыхьэтыр 17:00-м, щытрадзар — сыхьэтыр 17:00-м.
Газетыр къизытхыкIхэм яIэрегъэхьэ КъЧР-м пощт зэпыщIэныгъэмкIэ и федеральнэ Управленэм, тел. 25-01-73.
ТЕЛЕФОНХЭР:
приёмнэм — 26-36-00,
редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэм - 26-36-14,
жэуап зыхь секретарым, операторхэм-26-34-50,
отделым и редакторым - 26-36-27, бухгалтерием - 26-36-29.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьащ:
жэуап зыхь секретарь АСЛЪЭНЫКЪУЭ Мадинэ,
дежурнэ редактор ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ,
корректорхэу МУССЭХЭ Зуридэ, ГУНДЭХЪУ Аня,
операторхэу ЕМЗЭГЪ Даринэ, ДЖЫДЖИЙ Динэ